



Yon Ti Koutje sou Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan)

KIMOUN KI KALIFYE?

MEN MOUN KI KALIFYE:

- Moun k ap viv nan Eta New York
- Moun k ap viv legalman Ozetazini
- Pa kalifye pou Medicaid, Essential Plan oswa Child Health Plus

KONTAKTE NOU:

- nystateofhealth.ny.gov
- 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anplis epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sityasyon famiyal, kazye jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

KISA KI GARANTI?

- Swen prevantif gratis
- Swen pou Pasyan ki entènè
- Sèvis pou pasyan ki pa entènè
- Swen nan matènite ak swen tibebe ki fèk fèt
- Sèvis pou ijans
- Laboratwa ak imajri
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis reyabilitasyon ak sèvis adaptasyon
- Sèvis sante mantal ak sèvis pou twoub itilize alkòl/dwòg
- Sèvis pou sante jeneral ak sèvis pou kontwòle maladi
- Swen dan ak swen zye pou timoun

Avantaj swen dan ak lòt avantaj yo ka garanti tou avèk kèk plan.

KONBYEN YON PLAN SANTE KALIFYE (QUALIFIED HEALTH PLAN, QHP) KOUTE?

FRÈ POU PEYE CHAK MWA Pri ou peye chak mwa ap depannde plan ou chwazi a. Anpil moun kalifye pou kredi nan taks ki diminye frè pa mwa yo. Moun ki touche jiska \$51,040 dola pa ane ak yon fanmi 4 moun ki touche \$104,800 dola ka kalifye pou kredi nan taks.

KOTIZASYON NAN FRÈ YO: Kotizasyon nan frè yo se kantite lajan ou peye lè w ap resevwa yon sèvis swen sante. Kèk moun kalifye tou pou yo resevwa èd pou peye frè sa yo, dapre revni yo. Anba la a se kèk egzanp nivo kotizasyon nan frè QHP pou plan estanda yo ofri nan kat nivo yo. Lòt plan yo disponib avèk diferan kotizasyon nan frè ak lòt sèvis ki garanti.

KOTIZASYON NAN FRÈ SÈVIS SWEN SANTE	PLATIN	LÒ	AJAN	BWONZ
Franchiz chak Ane	\$0	\$600	\$1,300	\$4,700
Swen Prevantif	Gratis	Gratis	Gratis	Gratis
Vizit nan Klinik Doktè Premye Swen*	\$15	\$25	\$30	\$50
Vizit nan Klinik Espesyalis*	\$35	\$40	\$50	\$75
Kantite Tan nan Lopital pou Pasyan ki Entènè nan Lopital pou chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	50% kotizasyon nan frè yo
Vizit Pasyan ki pa Entènè pou Sante Konpòtmantal	\$15	\$25	\$30	\$50
Pasyan ki Entènè pou Pwoblèm Sante Mantal chak admisyon	\$500	\$1,000	\$1,500	50% kotizasyon nan frè yo
Saldijans:	\$100	\$150	\$300	50% kotizasyon nan frè yo
Swen ljan	\$55	\$60	\$70	50% kotizasyon nan frè yo
Terapi Fizik, Òtòfoni ak Ègoterapi	\$25	\$30	\$30	\$50

*Tout plan Bwonz Estanda 2021 yo pèmèt yon total twa (3) vizit pou vizit kay doktè premye swen oswa espesyalis avan yo satisfè dediktib la (kliyan an oblije peye kopeman an).

KOTIZASYON NAN FRÈ YO POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON	PLATIN	LÒ	AJAN	BWONZ
Jenerik	\$10	\$10	\$10	\$10
Mak Depoze ki Prefere	\$30	\$35	\$35	\$35
Non Komèsyal Nou Rekòmande	\$60	\$70	\$70	\$70